PUPUH XXXII: MASKUMAMBANG (12i, 6a, 8i, 8a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	(h.1) Lamun dalu tan arsa sare Nrĕpati, mĕngkana tyasira, paran tĕmahan iki, wus tan bisa aneng donya,	Ketika malam hari, Sang Raja tidak kunjung tidur. Seperti ini yang ia rasakan, jika pada akhirnya (ia) sudah meninggal dunia.
2.	Nadyan silih sida sirna laknat kapir, sapa rewang ingwang, dene tĕka gampang mami, bĕndara dhingini mring wang,	Meskipun berganti, jadi sirnalah laknat kafir. Siapa yang membantuku, jika datang (yang membantu), mudah untukku. Majikan mendahuluiku.
3.	Pan ning mĕngko dadi lola ingkang abdi, keri aneng donya, mĕngkana kalamun enjing, sinamur lĕnggah pĕndhapa,	Sekarang abdi menjadi yatim piatu tertinggal di dunia. Demikian ketika pagi harinya, (ia) menghibur diri (dengan) duduk di pendapa
4.	Lan kang rama myang sagung kang pra ngulami, Pangran Behi prapta, lan Pangran Dipanĕgari, Basah kalih sakancanya,	bersama sang ayah beserta segenap para ulama Pangeran Ngabei tiba bersama dengan Pangeran Dipanegara (beserta) kedua Basah (dan) kawannya
5.	Atur uning lamun mĕngsah waja sami, kathah ingkang pĕjah, wangsul dhatĕng Kĕdhu malih, Pagĕlen pan sampun kĕrta,	memberi kabar bahwa musuh banyak yang mati, (lalu) pulang menuju Kedu lagi (dan) Pagelen sudah tenteram.
6.	Kangjĕng Sultan mesĕm ngandika aris, gih paman tarima, Dipanagara sireki, dene nora mulih sira,	Kanjeng Sultan tersenyum (dan) berkata dengan lembut, “Ya, paman terima kasih. Dipanagara, engkau ini mengapa tidak pulang
7.	Mring Pagĕlen Pangran Behi aturneki, Mas Putut punika, kĕdah rĕmĕn neng arsaji, pitajĕng mring Basah ti-(h.2)-ga,	ke Pagelen”. (Kemudian) Pangeran Ngabei mengatakan, “Mas Putut, harus senang (ketika) di hadapan Raja, percaya kepada ketiga Basah,
8.	Basah Ngabdul Latip mapan kang nyĕpuhi, ngandika Nalendra, Basah kinen aso sami, wus luwar Sri Naranata,	Basah Abdul Latif yang menjadi tetua”. berkatalah Sang Raja (bahwasanya) Basah disuruhnya (untuk) istirahat. Sudah selesai Sang Raja,
9.	Sagung wadya samya susah	segenap prajurit susah hatinya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tyasireki, tumingal Nalendra, kělamun sangět prihatin, mapan kětawis ing netya,	melihat Sang Raja yang sangat sedih, itu terlihat dari ekspresi wajahnya.
10.	Lan tan arsa salin kang busana měksih, agěmya kang garwa, měngkana Jěmungah iki, Kangjěng Sultan miyos salat,	(Sang Raja) tidak ingin berganti busana, masih mengenakan busana istrinya. Ketika hari Jumat ini Kanjeng Sultan keluar (untuk) salat.
11.	Sabakdanya sang nata lěnggah neng měsjid, sagung pra ngulama, měngkana samya tur neki, atěnapi Kyai Maja,	Setelah itu, Sang Raja duduk di masjid. Segenap para ulama semua saling berbincang dan juga Kyai Maja
12.	Sampun sangět paduka ingkang prihatin, mesěm Sri Nalendra, sun iki nora prihatin, iya mring ingkang wus-wus mulya,	"Jangan terlalu bersedih, Paduka". Sang Raja tersenyum, "Aku ini tidak bersedih tentang peristiwa yang lalu, baik-
13.	Ala iki dene bojo lan agami, nging lěstarinira, mapan kang sun prihatini, dadya sura pra ngulama,	buruknya, ini seperti (hubungan) suami-istri dan agama upayakan lestarikan. Yang menjadi keprihatinanku (adalah) para ulama menjadi berani.
14.	Kang pandhita Sarip atěnapi khaji, Pangran Behi turnya, (h.3) punapa Sri Bupati, měksih ngagěm agěmira,	Sang pendeta Sarip atau Haji. Pangeran Ngabei berkata, "Apakah Sang Raja masih menggunakan busananya,
15.	Kangjěng ratu mapan dereng salin-salin, punika kang dadya, susahe didalěm sami, mesěm Sang Nata ngandika,	Sang Raja tidak segera berganti busana hal itu yang menjadikan kesedihan para abdi. Sang Raja tersenyum (dan) berkata,
16.	Paman Behi punika pan kajěng mami, drěrapon emuta, donya risak těmah neki, putra sampeyan punika,	"Paman Ngabei, itu keinginanku, supaya diingat pada akhirnya dunia rusak. Anakmu itu
17.	Kang jasmani mapan donya pamaneki, drěrapon tyas kawula, sampun engět mring kang wěrni, lamun botěn měkatěna,	yang akan menempato dunia ini Paman. Supaya hatiku (tenang). Sudah ingat pada yang wujudnya. Jika tidak dengan demikian,
18.	Ngupadosa paman dhumatěng	(akan) mencari paman kemana

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pundi, kang mirip kewala, wĕrna myang ibadahneki, Ki Maja nambungi nĕbda,	yang mirip saja wujud pada ibadahnya". Ki Maja menyambung perkataan,
19.	Inggih talah kawula miarsa warti, duk sinare ika, kramat samargi-margi, pratela elok ing Sukma,	"Iya, aku juga mendengar kabar, ketika disemayamkan (menjadi) dikramatkan, dimana-mana diceritakan kebaikan Tuhan".
20.	Mendah dene miyosa kakung rumiyin, mapan wus pratela, lamun siniyan Yyang Widi, nulya kondur Sri Nalendra,	Apalagi jika yang lalui dahulu adalah laki-laki. Itu sudah dijelaskan tentang kasih Hyang Widi. Kemudian Sang Raja pulang
21.	Mapan mundhut ningkah kang santana iki, Kang-(h.4)-jĕng Ratu ika, kaprĕnah nak sanakneki, lan Dolah Prawiradirja,	menghendaki akan menikahkan sentana ini. Kanjeng Ratu yang merupakan saudaranya dengan Dolah Prawiradirja
22.	Pan sinarĕng lawan kang tilaran iki, Ki Guru Kasongan, karsanya Sri Narapati, mrih eca tyas sagung wadya,	yang bersama dengan yang sudah ditinggalkan Ki Guru Kasongan. Demikian keinginan Sang Raja agar senang semua rakyatnya.
23.	Dadya jangkĕp sĕkawan ningkah Nĕrpati, kang sĕpuh pribadya, kang ibu Pangran Dipati, Den Ayu Rĕtna Kusuma,	Jadilah genap empat kali Sang Raja menikah. Yang tertua (adalah) ibu Pangeran Adipati, Raden Ayu Retna Kusuma.
24.	Nulya Raden Ayu Rĕtnaningrum iki, kang anem punika, Raden Ayu Rĕtnaningsih, Den Ayu Rĕtnakumala,	Kemudian Raden Ayu Retnaningrum, yang masih muda Raden Ayu Retnaningsih (dan) Raden Ayu Retnakumala.
25.	Ingkang bibi Pangeran Dipanagari, mapan sampun seda, Den Ayu Madubrangteki, kang bibi Den Ayu Basah,	Ibu Pangeran Dipanegara sudah meninggal dunia Raden Ayu Madubrangta (merupakan) Ibu Raden Ayu Basah
26.	Raden Ayu Rĕtnadewati puniki, sampun samya seda, lami kalih sedaneki, duk mĕksih neng Tĕgal Arja,	Raden Ayu Retnadewati (juga) sudah meninggal semua. Keduanya sudah lama meninggal ketika masih berada di Tegalreja.
27.	Dadya sagung ngulama pandhita sami, lan kang pra pratiwa, lan putra sĕntana sami, dadya eca tyasnya samya,	Segenap para ulama (dan) pendeta semua dan para prajurit beserta semua putra sentana semua merasa enak hatinya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
28.	Dene sa-(h.5)-mpun Sang Nata mundhut pawestri, mĕngkana Nalendra, mapan sangsaya tyasneki, lamun ningali punika,	Sementara, Sang Raja sudah beristri. Demikian Sang Raja, semakin (sedih) hatinya ketika mengunjungi
29.	Pĕsareaning kang rayi swargi, lan panĕpenira, dadya nata kondur iki, dhumatĕng ing Sambirata,	makam mendiang adindanya dan tempat semedinya. Sang Raja kemudian pulang menuju Sambirata.
30.	Pan sadaya myang repotan nana kari, tumut ngalih samya, dhumatĕng ing Sambiradin, ingkang kantun Kawis arja,	Semua bawaan tidak ada yang tertinggal, semua turut serta menuju Sambirata, adapun yang masih tinggal Karangarja
31.	Panĕmbahan lan repot kang sĕpuh sami, nging Jĕng Ratu ika, nging Jĕng Ratu ika[1], Agĕng mapan tumut ngalih,	(adalah) Panembahan dan pengikutnya yang tua hanya Kanjeng Ratu Ageng ikut pindah.
32.	Ĕnĕng-ĕna Kangjĕng Sultan kang lagya kingkin, yata kawarnaa, Kangjĕng Sultan Sĕpuh iki, ingkang aneng ing Ngayogya,	Didiamkan (cerita tentang) Sang Raja yang sedang sedih (?), kemudian diceritakanlah Kanjeng Sultan Sepuh yang berada di Yogyakarta.
33.	Mapan Manggung punika den uring-uring, dhumatĕng ing Jendral, sabab kondur tanpa kardi, pan malah asring tinĕrka,	Ketika Tumenggung dimarahi oleh Jenderal karena (ia) pulang tanpa memperoleh hasil. Bahkan sering dikira
34.	Apanggiyan lawan kang wayah iki, mapan laknatolah, saking bingungnya tyasneki, Den Mĕnggung Sasradilaga,	(hanya) bertemu dengan cucunya yang merupakan laknatullah. Karena sangat bingung perasaannya, Raden Tumenggung Sasradilaga
35.	(h.6) Ingkang radin dhumatĕng mancanagari, wus agĕng barisnya, wus bĕdhah ing Rajĕg Wĕsi, ing Rĕmbang pan sampun kinĕpang,	merambah ke manca nagara. (Ia) telah membentuk pasukan besar Rajeg Wesi sudah ditundukkan. Rembang sudah terkepung,
36.	Pan ning Lasĕm pasisir wus tĕluk sami, kantun Surabaya, mapan lagya den ayati, laknatolah kathah pĕjah,	sementara di pesisir Lasem sudah ditaklukkan, tinggal Surabaya yang akan diserang. Laknatullah banyak yang tewas.

[1] Terdapat pengulangan baris, seharusnya apabila sesuai aturan metrum 8i

No.	Alih Aksara	Terjemahan
37.	Dadya sangĕt Jĕng Sultan den uring-uring, susah lajĕng grĕrah, dhasar sampun mangsaneki, pan wus langkung sĕpuhira,	Kanjeng Sultan disalahkan, menjadikannya sedih kemudian jatuh sakit. Karena memang sudah usianya yang sudah sangat renta,
38.	Nulya kondur Kangjĕng Sultan Sĕpuhiki, dhatĕng rahmatolah, sinarekakĕn Mĕntawis, tunggil kalawan kang eyang,	kemudian Kanjeng Sultan Sepuh berpulang ke hadapan Tuhan dikebumikan di Mataram bersama dengan eyangnya,
39.	Kangjĕng Sultan ingkang jumĕnĕng Mĕntawis, kang kaping sapisan, Kang Nata ngaturan uning, kalamun wau kang eyang,	Kanjeng Sultan yang berkuasa di Mataram, yang pertama. Sang Raja memberitahu ketika kakeknya
40.	Sampun kondur dhumatĕng rahmatolahi, sangsaya tyasira, engĕt mring ubayaneki, dadya wus tan dĕrbe karsa,	sudah berpulang ke hadapan Tuhan. Sangat (sedih) hatinya, teringat pada janjinya, sehingga (ia) tidak memiliki keinginan lagi.
41.	Ingkang eyang kang rayi wus kondur dhingin, nging kantun satunggal, Kangjĕng Sultan kang de-(h.7)-n sihi, Jĕng Sultan Iman Li Basah,	Adik kakeknya sudah bepulang dahulu, tinggal satu yang Kanjeng Sultan kasihi, Kanjeng Sultan Iman Ali Basah.
42.	Ing tyasira nging kantun nĕrah sayakti, mring Purbaning Sukma, lamun kinarsakna iki, ing dalu siyang sumangga,	Di dalam hatinya pasrah kepada kehendak Tuhan apabila dikehendaki memasrahkan pada waktu siang (dan) malam
43.	Aneng dunya wus tan ana kang den sihi, Ki Maja punika, mapan asring rĕsah neki, sĕbarang parentahira,	Di dunia ini tidak ada lagi yang dikasihi. Ki Maja yang sering membuat onar pada perintah (Raja).
44.	Pangran Behi myang putra sĕntana sami, lan kang pra pratiwa, nung-anung rĕmbag pan sami, nuhun parentah kang tata,	Pangeran Ngabei kepada putra dan kerabat serta para prajurit sedang berembug bersama meminta perintah untuk bersiap.
45.	Langkung rĕsah punika dados satunggil, pĕngulu lan jĕksa, pĕpatih dados satunggil,	Sangat tidak tertata, (semua) menjadi satu, penghulu, jaksa, beserta patih menjadi satu.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan Ki Maja sadaya,	Semua bersama Ki Maja.
46.	Parentahnya enjang sontěn ngolah-ngalih, Pajang sapunika, Raden Arya Sindurjeki, sampun seleh monakawan,	Perintahnnya pagi (dan) sore selalu berbeda, (di) Pajang saat ini (ada) Raden Arya Sindurja yang telah mengabdi.
47.	Sabab asring punika dipunrěsahi, marang Basah Pajang, něnggih Seh Kasan Běsari, parentahira Ki Maja,	Karena sering diganggu oleh Basah Pajang yaitu Syekh Kasan Besari, atas perintah Ki Maja.
48.	Sabab kang ler jatos nem karěbat malih, mring kapir sadaya, dadya Seh Kasan Běsari, ngěndhih Den Riya Sindur-(h.8)-ja,	Sebab di utara Jatinom direbut kembali oleh semua kafir. Dengan demikian Syekh Kasan Besari merasakan Raden Riya Sindurja untuk mundur
49.	Raden Riya ajrih nulya seleh iki, ing wěktu punika, Ki Maja sring muring-muring, sabab sangět isinira,	Raden Riya takut kemudian mundur/menyerah. Pada saat ini Ki Maja sering marah-marah karena merasa sangat malu,
50.	Mapan kathah kělajěng těkaburneki, dadya saya rěsah, Ki Maja parentahneki, sabab sangět isinira,	karena terlanjur besar takaburnya, menjadikan (ia) semakin tidak tertata, Ki Maja memberi perintah karena (ia) sangat malu
51.	Awis matur dhumatěng Sri Narapati, marma samya rěmbag, sagung kang pratiwa sami, nuruti Sri Naranata,	jarang berbicara kepada Sang Raja. Oleh sebab itu, semua berembuk bersama segenap prajuit menjalankan perintah Sang Raja.
52.	Basah Rema tinimbalan sampun prapti, karsane Nalendra, ingkang kinarya pěpatih, wěsta Den Danukusuma,	Basah Rema (yang) dipanggil sudah tiba. Atas keinginan Sang Raja yang diangkat (menjadi) patih yang bernama Raden Danukusuma.
53.	Mapan iku ingkang wus talěring patih, něgari Yogja, pinaringan nama iki, pan nunggil sami kewala,	(Ia) masih saudara patih Yogyakarta. Diberi nama sama dengan yang digantikan.
54.	Něnggih Raden Dipati Danurja iki, mapan ning Jěksa, lami měksih dherek iki, wěsta Kyai Nitipraja,	yakni Raden Adipati Danureja yang menjadi Jaksa (yang) lama, masih saudara (dan) diberi nama Kyai Nitipraja.
55.	Nanging sampun sangět lungse	Karena sudah sangat lama kehendak

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	karsa aji, mapan anakira, kang kinarsakkĕn gĕntosi, pan inggih sampun ngulama,	Sang Raja bahwa anaknya yang diharapkan menggantikan. (Ia) sudah menjadi ulama.
56.	Duk ing nguni pan dados pathok nagari, Dhongkelan punika, (h.9) pinaringan nunggak sĕmi, nĕnggih Kyai Nitipraja,	Dahulu kala menjadi batas negara Dongkelan diberi nama yang sama yakni Kyai Nitipraja.
57.	Kang pĕngulu nĕnggih muridnya pribadi, mapan Kyai Maja, kang wĕsta Kaji Mambaji, lan panuwunnya pribadya,	Yang menjadi penghulu yaitu muridnya Kyai Maja yang bernama Haji Mambaji beserta keinginannya sendiri.
58.	Kangjĕng Sultan mapan lajĕng anuruti, nĕnggih Kyai Maja, karsanira Sri Bupati, mapan nyĕntana kewala,	Kanjeng Sultan kemudian menuruti keinginan Ki Maja. Kehendak Sang Raja agar menjadi sentana saja
59.	Tunggil damĕl lawan Pangran Angĕbehi, dadya suka rĕna, sagung kang pratiwa sami, tĕnapi putra sĕntana,	bekerja sama dengan Pangeran Ngabei. Semua merasa senang segenap para prajurit, juga putra sentana,
60.	Pra ngulama pandhita Sarip lan kaji, mĕngkana ing roma, kĕpenakkannya pribadi, Raden Dipati Danurja,	para ulama (dan) pendeta Sarip dan Haji. Demikian pula di Roma, (ada) kemenakannya sendiri. Raden Danureja
61.	Mapan nusul tan purun kantuna iki, putrane kang raka, Raden Dipati kang surgi, mapan kĕkalih punika,	menyusul (karena) tidak mau ketinggalan. (Ia) anak dari kakandanya, mendiang Raden Adipati yang kedua.
62.	Ingkang sĕpuh Den Mĕngku Kartanagari, kang anem namanya, Raden Gandakusumeki, sampun katur mring Nalendra,	Yang tua (bernama) Raden Mengku Kartanagari, yang muda bernama Raden Gandakusuma. (Semua) sudah disampaikan pada Sang Raja.
63.	Mapan lajĕng kinasiyan mring Nĕrpati, bĕkta prajuritnya, kang samya wangsanireki, tan purun kantun neng rum,	Kemudian dikasihi oleh Sang Raja, (untuk) membawa prajuritnya yang semuanya (merupakan) sanak saudaranya (yang) tidak mau tertinggal di Mataram.
64.	Kawan dasa ma-(h-10)-pan panjinya kĕkalih,	(Sebanyak) empat puluh dengan dua panji,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	samya prawiranya, anĕnggih namanireki, Mas Panji Sontaduwirya,	sama perwiranya yaitu yang bernama Mas Panji Sontaduwirya
65.	Lan Mas Panji Citraduwirya puniki, karsanya Nalendra, sĕdaya pinundhut sami, kinarya sisiyanira,	dan Mas Panji Citraduwirya. Kehendak Sang Raja semuanya diambil dijadikan pengawalnya.
66.	Mantrilĕbĕt dadya kiwa tĕngĕn iki, dene kang wĕdana, mapan mĕksih tĕtĕp iki, Den Mĕnggung Mĕrtanagara,	Mantrijero menjadi kiri dan kanannya. Sementara pembesarnya/pemimpinnya masih sama, (yakni) Raden Tumenggung Mertanagara,
67.	Ingkang tĕngĕn Den Mĕnggung Puthut Laweku, samya kawan dasa, Raden Ganda Kusumeki, mapan kinarya wĕdana,	sementara (yang) kanan Raden Tumenggung Puthut Lawe, sama (jumlahnya) empat puluh. Raden Ganda Kusuma dijadikan sebagai pemimpin,
68.	Panakawan pan Mas Kasim Lurah neki, ing Roma punika, dereng wontĕn Basah neki, mapan den iras kewala,	dengan Panakawan Mas Kasim Lurah di Roma ini. (Disana) belum ada Basah sehingga (semua) dikelola sendiri,
69.	Nĕnggih dhatĕng Raden Basah Ngabdul Latip, gĕntya kang winarna, nĕnggih kang mancanĕgari, Den Basah Sasradilaga,	yakni pada Raden Basah Abdul Latif. Berganti yang diceritakan yaitu (tentang) Mancanagari, Raden Basah Sasradilaga
70.	Sampun kathah tĕlukanira nagari, laknat kathah pĕjah, Pagĕlen lawan Mĕntawis, sĕpi datan wontĕn mĕsah,	sudah banyak wilayah yang ditaklukkan. Laknat banyak yang mati. Pagelen dan Mataram sepi tidak ada musuhnya.
71.	Nanging kantun ing-(h.11)-kang tĕngga beteng sami, mĕngkana Ki Maja, pan kumat tĕkabur neki, ngaturi bĕdhah Ngayogja,	hanya tinggal yang menjaga beteng. Demikian pula Ki Maja yang kambuh sikap takaburnya yang menawarkan untuk menyerbu Yogyakarta.
72.	Sabab suwĕng sagung laknat mapan sami, kinĕrig sadaya, dhumatĕng mancanagari, Cina ing Lasĕm sadaya,	Karena segenap laknat sudah telanjur berkumpul semua menuju Mancanagara. Orang Cina yang berada di Lasem
73.	Mapan sampun samya manjing agami, Den Sasradilaga, dadya supe wĕling aji,	semua sudah masuk agama (Islam). Raden Sasradilaga lupa terhadap pesan Raja menikahi (seorang) nyonya Cina.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	anjamahi nyonyah Cina,	
74.	Pan punika ingkang dados margineki, apĕs juritira, kapenakanira sabil, lan Kaji Muhamad Khasan,	Karena hal tersebut yang menjadi jalan kesialan peperangannya. Kemenakannya (mati) sabil, juga Haji Muhamad Khasan,
75.	Pan ning Pathi lawan bapakipun sabil, tiga sĕdhereknya, ingkang samya tumut sabil, lan Raden Mulya Kusuma,	yang berada di Pati bersama dengan bapaknya (mati) sabil. Tiga saudaranya yang ikut berperang sabil bersama Raden Mulya Kusuma.
76.	Tubin sabil Raden Sasradilageki, pan lumajĕng nulya, dhumatĕng Mĕntawis malih, Cina kathah pinĕjahan,	Bersama berperang Raden Sasradilaga lalu berlari kembali ke Mataram lagi. (Orang-orang) Cina banyak yang terbunuh
77.	Dening laknat sabab kancanya keh mati, datan lami nulya, laknatolah wangsul malih, wangsul malih dhumatĕng Mĕ-(h.12)-ntaram sadaya,	oleh laknat karena banyak kawannya yang mati, tidak lama kemudian laknatullah kembali lagi ke Mataram semua.
78.	Sampun prapta dadya nagri ing Mĕntawis, kathah malih mĕngsah, lajĕng karya beteng iki, ing Baligo tinadhahan,	(Mereka) sudah tiba di Mataram. (Mataram) dipenuhi musuh lagi, kemudian didirikan beteng yang dibangun di Baligo,
79.	Mring Dipati Urawan sakancaneki, lawan Kanigara, mapan inggih den tadhahi, mring Pangran Sumanagara,	oleh Adipati Urawan bersama kawannya. Selain itu Kanigara juga sudah ditanggapi oleh Pangeran Sumanagara
80.	Sakancanya langkung rame ingajurit, pan sadina-dina, tan wontĕn kuciwa sami, dereng nuhun bantu samya,	bersama kawannya. (Mereka) sangat seru dalam peperangan. Dalam keseharian tidak ada yang mengecewakan (dan) semua belum membutuhkan bantuan
81.	Mapan mĕksih sami kuwawi nadhah, mĕngkana winarna, Kangjĕng Sultan kinen kardi, langgar alit panĕpen ika,	karena semua masih kuat menghadapi (peperangan). Demikian yang diceritakan Kanjeng Sultan kemudian memerintahkan untuk membuat langgar kecil (untuk) sembahyang
82.	Cinĕlakkĕn lawan masjid agĕng iki,	di dekat masjid ageng.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Maja aturnya, mapan ngiras makmum iki, gangsal wĕktu bar Jumungah,	Ki Maja berkata akan menjadi makmum (salat) lima waktu setelah Jumat.
83.	Kangjĕng Sultan mapan lajĕng anuruti, neng langgar kewala, datan kondur-kondur iki, Sang Nata neng pĕsanggrahan,	Kemudian Kanjeng Sultan menyanggupi berada di langgar saja, tidak segera pulang. Sang Raja berada di pesanggrahan
84.	Kang ngladosi nging Tumĕnggung tiga iki, giliran punika, Raden Mĕrtanĕgareki, (h.13) lawan Raden Puthut Lawa,	(dan) yang melayani ada tiga tumenggung secara bergiliran, Raden Mertanegara, bersama Raden Puthut Lawa
85.	Raden Gandakusuma ingkang nyaponi, pĕsareyan nata, Ki Maja aturireki, yen marĕngi Sri Nalendra,	(dan) Raden Gandakusuma yang menyapu tempat tidur Raja. Ki Maja mengatakan “Jika diperbolehkan Sang Raja,
86.	Pan kawula ayun nyambi mulang iki, paduka mirsakna, Sang Nata mapan lilani, Ki Maja malih turira,	sembari hamba mengajar (sambil) paduka dengarkan”. Sang Raja memperbolehkan. (Lalu) Ki Maja berkata lagi
87.	Padukaji kĕkadhangan jalma supi, antawis punika, kang krĕsa naming satunggil, mesĕm ngandika Nalendra,	“Paduka, Sang Raja tertutup oleh makhluk gaib, (yang) selama ini yang mau hanya satu”. Sang Raja tersenyum dan berkata
88.	Sun tan wĕruh apa karsaning Yyang Widi, ing wĕktu punika, Jumungah pan dados kalih, ingkang cĕlak lan Nalendra,	“Aku tidak tahu apa kehendak Hyang Widi, pada saat ini (hari) Jumat. Yang dibagi menjadi dua (pasukan) yang berada di dekat Sang Raja
89.	Kawis Arja mapan lawan Sambiradin, ngulami kang mulang, ing cĕlereng mapan satunggil, Seh Barmawi namanira,	(yaitu) di Karangrejo dan Sambirata, (para) ulama yang mengajar di Clereng hanya satu (yaitu) Syeh Barmawi namanya.
90.	Pan wus kathah santri ingkang prapta ngaji, dene Sambirata, Ki Maja pĕmaosneki, kitab kang agĕng kewala,	Sudah banyak santri yang tiba (untuk) mengaji Adapun (di) Sambirata Ki Maja yang membacakan kitab besar saja.
91.	Pan gĕntosan sagung kang pra	Saling bergantian segenap para ulama,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ngulama sami, Ki Maja mĕngkana, wicantĕ-(h.14)-n mring pra ngulami, eh kanca sagung ngulama,	(kemudian) Ki Maja berkata kepada para ulama “Eh, kawan-kawan ulama.
92.	Apa sira sĕja talab marang mami, pan nantun kewala, yen tan sĕdya talab iki, anguran padha mĕtuwa,	Apa engkau bersedia belajar agama denganku? Aku hanya menawari saja. Jika tidak bersedia belajar agama, lebih baik kalian keluarlah”.
93.	Sri Nalendra mesĕm sarĕng amiarsi, Ki Maja wuwusnya, nulya angandika aris, eh sira Mĕrtanagara,	Sang Raja tersenyum ketika mendengar perkataan Ki Maja. Kemudian (Sang Raja) berkata pelan, “Hei, engkau Mertanagara
94.	Puthut Lawa Ganda Kusuma wus dadi, muride Ki Maja, sabab padha ngrungu iki, dadi sira kĕna kala,	Puthut Lawa Ganda Kusuma sudah menjadi murid Ki Maja. Karena kalian mendengar ini, sehingga kalian terkena imbasnya”.
95.	Pan katiga gumujĕng samya tur bĕkti, yen kenging patikbra, padukaji inggih kenging, Sri Nata gumujĕng suka,	Ketiganya tertawa sembari memberi hormat. “Jika hamba diperbolehkan, oleh Paduka”. Sang Raja tertawa bahagia.
96.	Mapan ingsun wus maca kitab pribadi, iki mapan tunggal, padha min ajul ngabin, lawan muni biat ika,	“Karena aku sudah membaca kitabku sendiri, (isinya) ini sama dengan *min adzabin* dan *munjiat*
97.	Sira iku katĕlu kabutuh dadi, ngalor ngidul kala, samya suka gujĕngneki, mĕngkana wus tan winarna,	Engkau bertiga ini dibutuhkan untuk ke selatan (dan) ke utara”. Semua tertawa bahagia. Demikianlah yang diceritakan.
98.	Kawarnaa wau ingkang ajurit, laknat sring kuciwa, (h.15) wungsal-wangsul datan dadi, malah kathah ingkang modar,	Diceritakanlah yang sedang berperang, laknat sering kalah, bolak-balik tidak berhasil, malah banyak yang tewas.
99.	Mĕdal malih kinrĕrig Magĕlang iki, lawan ing Ngayogja, Sala mapan kang bantoni, dadya samya agĕngira,	Keluar lagi semua dikerahkan ke Magelang dan Yogyakarta. Surakarta sudah diberi bantuan sehingga menjadi lebih besar.
100.	Ing Baligo lawan Kanigara iki, mapan Ki Urawan, lan Pangran Sumanĕgari, katraban kathahĕn lawan,	Di Baligo dan Kanigara, ada Ki Urawan dan Pangeran Sumanagara berdebaran karena banyaknya musuh.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
101.	Mas Tuměnggung Martaduwirya pan sabil, tatu dhadhanira, kabrěrěk wong Islam sami, ing Kanigara měngkana,	Mas Tumenggung Martaduwirya berperang terluka dadanya. Orang-orang Islam terdesak di Kanigara. Demikianlah
102.	Mapan Rangga ing Gancahan ingkang sabil, pan sarěng sadina, samya tatu dhadhaneki, wus katur marang Nalendra,	dengan Rangga di Gancahan yang berperang. Di hari yang sama semua terluka dadanya. Sudah tersampaikan kepada Raja,
103.	Nulya Raden Dipati Danurja sabil, bantoni ngayuda, kalawan kang Basah kalih, budhalan saprajuritnya,	kemudian Raden Adipati Danureja berperang membantu peperangan bersama Basah Kedua berangkat bersama prajuritnya.
104.	Sampun prapta ing Pasekan Den Dipati, ing beteng wus dadya, laknat lajěng tan mědali, samya neng beteng kewala,	Raden Adipati sudah tiba di Pasekan. Di beteng sudah jadi laknat tidak keluar, semua hanya berada di beteng saja.
105.	Ing Baligo lawan Kaniga-(h.16)-ra iki, Basah mapan samya, rěmbag agiliran sami, kang mathoki Den Dipatya,	Di Baligo dan Kanigara, Basah sudah berembug untuk bergiliran, Raden Adipati yang memutuskan.
106.	Mapan lajěng měsanggrahan Den Dipati, ing dhusun Ganjuran, sabab angsal calang kalih, laknatolah malih prapta,	Kemudian Raden Adipati tinggal di dusun Ganjuran karena mendapatkan dua orang pecalang. Laknatullah datang lagi
107.	Langkung kathah nulya Rahaden Dipati, Basah tinimbalan, lajěng datan mawi gilir, mapan prang sadina-dina,	(dengan pasukan) lebih banyak, kemudian Raden Adipati memanggil Basah tidak dengan bergiliran kemudian berperang dalam kesehariannya.
108.	Yen kabujung laknat ngungsi beteng sami, nging mariyěmira, ingkang den dělakěn iki, měngkana lajěng bubuhan,	Jika terkejar, laknat mengungsi di beteng. Namun meriam mereka yang dikeluarkan. Demikian itu lalu (semua) berperang.
109.	Gusti Basah ngajěngakěn měngsah iki, kang saking Ngayogya, lan Pangran Sumaněgari,	Gusti Basah menghadapi musuh dari Yogyakarta dan Pangeran Sumanegara bersama prajuritnya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sakancanipun sadaya,	
110.	Basah Ngusman ngajěngakěn měngsah iki, lan Raden Dipatya, ingkang saking Kědhu sami, lawan Dipati Urawan	Basah Usman menghadapi musuh bersama Raden Adipati yang (berasal) dari Kedu, dan Adipati Urawan
111.	Sakancanya měngkana pan marěngi, kang měngsah Ngayogja, sampun datan sagěd mijil, pan asring kuciwanira,	bersama pasukannya, demikian itu bertepatan dengan musuh (dari) Yogyakarta sudah tidak dapat keluar (malah) sering kalah.
112.	(h.17) Kathah pějah laknat lawan murtad iki, Kangjěng Gusti Iman, Muhamad Li Basah něnggih, mapan pinaringan sěrat,	Laknat dan murtad banyak yang tewas. Kanjeng Gusti Iman Muhamad Ali Basah diberi (kiriman) surat
113.	Saking Raden Dipati Danurja iki, lapur yen Seh Ngusman, Li Basah pan mantuk sakit, lawan Dolah Seh Kajika,	dari Raden Adipati Danureja. Melapor apabila Syeh Usman Ali Basah pulang (karena) sakit, dan Dolah, Syekh Kaji
114.	Ngabdul Kadir kenging mriyěm dhadhaneki, kontal datan pasah, nanging mapan lajěng sakit, lan ngantos luntak ludira,	Abdur Kadir terkena meriam dadanya, terpental tidak terkena, namun kemudian jatuh sakit dan sampai muntah darah.
115.	Kang Bulkiya pan nanging kantun satunggil, Seh Dolah Kajika, Mustapa sakancaneki, Jěng Gusti watos tyasira,	Prajurit Bulkiya hanya tinggal satu, Syekh Dolah Kaji Mustafa beserta pasukannya. Kanjeng Gusti merasa khawatir
116.	Lajěng tědhak nanging tan běkta parjurit, dhumatěng Ganjuran, yun panggih Raden Dipati, nanging prajurit Wanengprang,	kemudian pergi namun tidak membawa prajurit menuju Ganjuran ingin bertemu (dengan) Raden Adipati, namun prajurit Wanengprang berada di medan perang.
117.	Ingkang dherek kawandasa kathahneki, Dolahnya satunggal, Raden Prawira puniki, Kusuma Panji satunggal,	Yang ikut (berperang) sebanyak empat puluh orang (dan) dolahnya satu orang, yakni Raden Prawira Kusuma, Panji seorang.
118.	Raden Panji Sumaduwirya puniki, kang gadhah Magětan, měngkana kěpa-(h.18)-rěng ugi, kadya wus karsa Yyang Sukma,	Raden Panji Sumaduwirya yang menguasai Magetan. Bersamaan dengan itu juga, seperti sudah kehendak Tuhan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
119.	Den Dipati kainggahan dening kapir, kabĕrĕk yudanya, sagung Islam mawut sami, sabab sangĕte anjingira,	Raden Adipati dikalahkan oleh Kafir (dan) terkepung dalam peperangan. Seluruh pasukan Islam bubrah karena banyaknya (musuh) yang masuk.
120.	Dadya kagyat mĕngkana kapĕthuk nuli, laknat lawan murtad, lan Jĕng Gusti Basah Kamil, ngaturan mundur tan arsa,	Jadi terkejut ketika bertemu laknat bersama murtad dan Kanjeng Gusti Basah Kamil diperintahkan (untuk) mundur (namun) tidak mau,
121.	Sabab sampun samya katingal puniki, lingsĕm yen wangsula kadya wus karsaning Widi, prapta marga sabillolah,	karena sudah kelihatan semua, malu kalau harus mundur, seperti sudah kehendak Tuhan bahwa takdirnya berperang sabil.
122.	Gusti Iman Muhamad Kangabdul Kamil, Ali Basah ika, lajĕng campuh ing ajurit, ing ngĕdrel kanin kang jaja,	Gusti Iman Muhamad Abdul Kamil Ali Basah kemudian bertempur di medan perang, (ia terkena) tembakan, terluka dadanya
123.	Mapan lajĕng anus mring walikatneki, nging mĕksih neng kuda, ingkang rah amĕratani, marang ing rasukanira,	lalu menembus ke tulang belikatnya, tapi (ia) masih (bertahan) di (atas) kuda. Darahnya menyebar ke pakaiannya.
124.	Gennya ngasta lawung lajĕng rĕntahiki, Wanengprang tumingal, lamun Kangjĕng Gusti kanin, dadya sarĕng nĕmpuh samya,	Tombak yang dibawanya terjatuh. Pasukan Waneng Prang melihat bahwa Kanjeng Gusti terluka, sehingga bersama-sama menyerang.
125.	Kawandasa mapan sĕdya ambĕk pati, ingkang gangsal ika, ngundura-(h.19)-kĕn Kangjĕng Gusti, ngampingan mĕksih neng kuda,	Empat puluh (orang) bersedia mati. Yang lima (orang) membawa Kanjeng Gusti mundur, berdampingan di (atas) kuda.
126.	Lajĕng kuwĕl sanjata wus datan muni, waos campuhika, kalawan sangkuh puniki, laknat bangkenya gĕlasah,	Kemudian deru senjata sudah tidak terdengar, (lalu) beradu tombak dengan sangkuh. Jasad-jasad laknat berserakan di mana-mana.
127.	Den Dipati sarĕng mulat Kangjĕng Gusti, yen kanin kang jaja, mapan nulya mĕlajĕngi,	Ketika Raden Adipati melihat Kanjeng Gusti terluka di dadanya, (ia) kemudian mendatangi (dan)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tumut ngundurakĕn ika,	turut mundur (bersama Kanjeng Gusti).
128.	Sagung ingkang prajurit pan wangsul sami, kang lumajĕng ika, tumingal waneng prang iki, kawandasa ngamuk samya,	Seluruh prajurit pulang, yang maju melihat pasukan Waneng Prang, empat puluh (orang) semua menyerang.
129.	Sarĕng nĕmpuh lajĕng laknat murtad iki, kalindhih yudanya, sangsaya keh bangkeneki, lawan kang kĕkecer ika,	Saat bertempur, Laknat dan Murtad kemudian kalah dalam peperangan, semakin banyak jasadnya dan berserakan.
130.	Laknat lajĕng samya ngungsi beteng sami, Islam mapan samya, ingkang bujung wangsul sami, Den Panji Sumaduwirya,	Prajurit Laknat kemudian mengungsi di benteng, prajurit Islam yang memburu semua kembali. Raden Panji Sumaduwirya
131.	Mapan lajĕng prapta ing sabillolahi, ajur kang kunarpa, mapan tatu sangkuh sami, neng tĕngah laknat bangkenya,	yang kemudian ikut berperang sabil. Tubuhnya hancur terluka terkena sangkuh, jasadnya di tengah-tengah prajurit Laknat.
132.	Raden Dolah Prawirakusuma kanin, pan kĕrapanira, (h.20) kenging mimis tan punapi, liya punika sadaya,	Raden Dolah Prawirakusuma terluka (kemudian) melarikan diri, terkena peluru tidak kenapa-kenapa. Lain halnya dengan semua
133.	Wadya Islam pan samya lujĕng puniki, nĕngna kang winarna, Gusti Basah angranuhi, sampun tĕdhak saking kuda,	orang Islam selamat. Didiamkan cerita ini, Gusti Basah semakin menderita. Sudah turun dari kudanya
134.	Tinangisan mring sagung prajurit sami, myang Raden Dipatya, lan sagung pratiwa sami, rumaos tiwas sadaya,	(lalu) ditangisi oleh seluruh prajurit, juga Raden Adipati dan seluruh senapati merasa semua sia-sia belaka.
135.	Aneng tandhu mapan asring supeneki, ing samarga-marga, binĕkta kondur puniki, dhumatĕng ing Sambirata,	Ketika berada di tandu, sering tidak sadar di sepanjang perjalanan, (ia) dibawa pulang Menuju Sambirata.
136.	Ingkang mikul prajurit lawan bupati, Den Sumaduwirya, liyannya wus den saeni, marang Rahaden Dipatya,	Yang memikul (tandu) prajurit serta bupati Raden Sumaduwirya. Semua yang lain sudah disemayamkan oleh Raden Adipati.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
137.	Sampun katur dhumatĕng Sri Narapati, lamun ingkang putra, kanin jaja lawan asring, supe ing samarga-marga,	Telah disampaikan pada Sang Raja bahwa puteranya terluka di dada dan sering tidak sadar di sepanjang perjalanan.
138.	Sri Nalendra kendĕl tan ngandika iki, geger Sambirata, wurohan swaraning tangis, Pangran Bailan Ki Maja,	Sang Raja diam, tak berkata apa-apa, heboh (seluruh) Sambirata, bergemuruh suara tangis. Pangeran Bailan, Ki Maja,
139.	Pangran Prabu lan Pa-(h.121)-ngeran Abdul Majid, pan pĕthuk sadaya, lan Pangran Dipanagari, Panĕmbahan sampun prapta,	Pangeran Prabu dan Pangeran Abdul Majid, semua bertemu, dan Pangeran Dipanegara (serta) Panembahan sudah tiba,
140.	Pan sĕdaya lajĕng kapĕthuk ing margi, prapta ing pasowan, Sambirata Sri Bupati, lumajĕng mĕthuk kang putra,	kemudian semua bertemu di jalan. (Mereka) tiba di tempat penghadapan (di) Sambirata. Sang Raja kemudian menjemput puteranya,
141.	Pan ingaras mustaka nira kang siwi, pan engĕt sakĕdhap, Kangjĕng Gusti aningali, wau dhumatĕng kang rama,	diciumnya kepala sang anak kemudian tersadar sebentar. Kanjeng Gusti melihat ayahandanya,
142.	Mapan lajĕng ingkang waspa adrĕs mijil, wus prapta pĕndhapa, lajĕng sinarekkĕn iki, Gusti Raden Ayu Basah,	kemudian air matanya mengalir deras. Sudah tiba di pendapa kemudian diistirahatkan Gusti Raden Ayu Basah.
143.	Samya watos dhumatĕng Sri Nrapati, nging kantun punika, ingkang dados tĕlĕnging sih, Den Dolah Prawiradirja,	Semua mengkhawatirkan Sang Raja. Namun, tinggal ini yang menjadi kasih di lubuk hati. Raden Dolah Prawiradirja
144.	Tinimbalan tanpantara nulya prapti[2], dereng mantun ika, labĕt nanging tan punapi, kenging pelor wĕntisira,	dipanggil. Tidak berselang lama lalu sampai. Belum sembuh bekas lukanya, tetapi tidak kenapa-kenapa betisnya (yang) terkena peluru.
145.	Ingkang garap Bĕgala Wĕsta Nur Ngali, sarĕng praptanira, Dolah lajĕng anungkĕmi, pada sangĕt tangisira,	Yang menggarap Begala Westa Nur Ali, bersamaan dengan kedatangannya Dolah kemudian memberi sembah pada kaki (Raja) dengan menangis.

[2] Pada penomoran bait tidak terdapat nomor 144

No.	Alih Aksara	Terjemahan
146.	Kangjěng Sultan sangsaya lěs tyasneki, ningali kang putra, langkung drěs ingkang rah mijil, ganda lir garu cěndhana,	Kanjeng Sultan semakin putus asa hatinya (ketika) melihat putranya, darahnya keluar dengan sangat deras, aromanya seperti gaharu cendana.
147.	Nging Jěng Gusti pan sampun engět sěkalir, lan cětha ngandika, mapan lir wayuneki, Kangjěng Sultan angandika,	Namun Kanjeng Gusti sudah sadar sepenuhnya dan (telah) berbicara jelas (namun) seperti sudah layu. Kanjeng Sultan berkata
148.	Sapa kulup iya ingkang sira tuding, ing gěnteni sira, yen ana karsa Yyang Widi, Kangjěng Gusti aturira,	"Siapa, Nak yang akan engkau tunjuk untuk menggantikanmu? jika memang kehendak Hyang Widi", Kanjeng Gusti berkata.
149.	Nging pun Sěnthot Jěng Gusti ngandika aris, eh ta Sěnthot sira, pama den angati-ati, lawan ingsun jaluk tandha,	Namun Sentot, Kanjeng Gusti berkata pelan, "Engkau Sentot, (engkau) berhati-hatilah dengan (ini) aku meminta tanda,
150.	Kulit putih iku kang minangka běkti, kehe mapan rolas, sabab iku marga mami, kaya měngkene iki iya,	kulit putih yang menjadi (tanda) bakti sebanyak dua belas, karena itu keinginanku seperti ini".
151.	Sarwi mesěm dadya eca kang tyas sami, lan wus sagěd lěnggah, juměněng nging den jagani, lawan nyampingan pri-(h.123)-badya	Semua tersenyum dan merasa senang. Sudah bisa duduk (dan) berdiri namun dengan penjagaan oleh pendampingnya.
152.	Ingkang garap Běnggala Wěsta Nur Ngali, Kangjěng Sultan nulya, kondur marang měsjid malih, sědaya wus kinen bubar,	Yang mengerjakan Benggala Westa Nur Ali, kemudian Kanjeng Sultan pulang ke masjid lagi (dan) semua sudah disuruh (untuk) bubar.
153.	Ingkang těngga Běnggala lawan kang rayi, kalawan kang eyang, Kangjěng Ratu Agěng něnggih, tan těbih dhukun Běnggala,	Yang menunggu Benggala dan adindanya Bersama sang eyang Kanjeng Ratu Ageng, tidak jauh (dari) dukun Benggala.
154.	Sarěng dalu ingkang rayi den aturi, sare nunggil ika, rinangkulan ngandika ris, Běndara angger karia,	Ketika malam hari adindanya disuruh untuk tidur bersama, (kemudian) dirangkulnya (dan) berkata pelan "Bendara, tinggalah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
155.	Mapan ingsun wus tan bisa neng donyeki, Raden Ayu nulya, ingkang raka den sungkĕmi, kalawan asru karuna,	aku sudah tidak bisa tinggal di dunia ini”. Kemudian Raden Ayu memberikan sembahnya kepada kakandanya sambil menangis tersedu.
156.	Lan Bĕnggala dhukun sangĕt dennya nangis, dadya tur uninga, dhumatĕng Sri Narapati, nulya kondur Sri Nalendra,	Benggala dukun menangis (dan) memberi kabar kepada Sang Raja, kemudian Sang Raja pulang.
157.	Sampun rawuh pĕndhapa nulya Jĕng Gusti, pan engĕt sakĕdhap, ngabĕkti marang Nĕrpati, lajĕng prapta sabilollah,	(Raja) sudah tiba di pendapa, kemudian Kanjeng Gusti tersadar sesaat, memberikan hormat baktinya pada Raja, kemudian ia mati sabil.
158.	Kang ludira langkung kathah ingkang mijil, arum gandanira, lingsir dalu wayah neki, Kangjĕng Gusti ko-(h.124)-ndurira,	Darah keluar sangat banyak (dan) harum baunya. Ketika tengah malam Kanjeng Gusti pulang
159.	Pan dhumatĕng ing Rahmatolahi puniki, angsala kang marga, ing sabillolah sayĕkti, gumuruh sagung karuna,	ke Rahmatullah. (Semoga) mendapat jalan dalam mati sabil. Gemuruh tangisan semua orang.
160.	Ingkang rayi Kangjĕng Gusti anungkĕmi, Sang Nata ngandika, Dipanĕgara sireki, gawanĕn mundurenira,	Adindanya memberikan sembah baktinya. Sang Raja berkata “Engkau Dipanegara bawalah mundur (pasukan),
161.	Ingkang layon Kangjĕng Gusti Ngabdul Kamil, Muhamad Li Basah, karsanya Sri Narapati, ri sampunnya sinaenan,	mendiang Kanjeng Gusti Abdul Kamil, Muhamad Ali Basah kehendak Raja setelah disemayamkan
162.	Mapan lajĕng binĕkta dhatĕng surambi, tinĕngga ngulama, Pandhita Sarif lan Khaji, sĕdalu samya dikiran,	kemudian dibawa menuju serambi (dan) ditunggu oleh para ulama Pandita Sarif dan Haji semalaman berdzikir.
163.	Kangjĕng Sultan lĕnggahan neng langgar iki, pan sandhing kewala,	Kanjeng Sultan duduk di langgar (dan) menyanding jasad anaknya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan layone kang siwi, cĕlak nging lĕt gĕdheg ika,	Dekat namun dibatasi *gedheg*.
164.	Pan sĕdalu datan ana kang wong guling, saking sungkawanya, kang putra sĕntana sami, kecalan watrating yuda,	Semalaman tidak ada yang tidur karena duka citanya. Para putra sentana kehilangan berita tentang peperangan.
165.	Sarĕng sampun bakda subuh Kangjĕng Gusti, ingakatkĕn nulya, sinarekkĕn Kitha Giri, tinunggil Seh Guru (h.25) ika,	Setelah subuh, Kanjeng Gusti (jenazahnya) diberangkatkan, (akan) dimakamkan di Kota Gede bersanding dengan Syekh Guru.
166.	Ing Kuwĕron Ki Pangulu lan ngulami, pan dherek sadaya, Pandhita Sarif lan Khaji, ingkang jajari neng arsa,	Di Kuweron, Ki Pangulu dan ulama semua ikut serta. Pandita Sarif dan Haji yang memimpin di depan.
167.	Mantrilĕbĕt Den Mĕnggung Martanagari, lawan Puthut Lawa, nulya Wanengprang nambungi, Den Dolah Prawiradirja,	Mantrijeron, Raden Tumenggung Martanagara dan Puthut Lawa disusul Wanengprang menyambung (barisan) Raden Dolah Prawiradirja
168.	Panindhihi sagung ingkang usar sami, mapan ta rinĕngga, anglir duk jumĕnĕng neki, yen kala mangkat ayuda,	menjadi pemimpin segenap para usar. (Setelah) dihias seperti ketika (ia) dinobatkan pada saat hendak berangkat berperang.
169.	Kang salompret tambur mapan datan keri, kĕlajĕng Nalendra, tumut lumampah neng wingking, tan kantun putra santana,	Terompet dan tambur juga tidak ketinggalan. Kemudian Sang Raja ikut berjalan di belakang (serta) tidak ketinggalan para putra sentana
170.	Saking dene gĕng trĕsna Sri Narapati, dhumatĕng kang putra, Ki Maja mapan tan kari, layon mĕdal Kawis Arja,	karena rasa cinta Raja yang besar kepada putranya. Tidak ketinggalan (juga) dengan Ki Maja. Jenazah keluar (dari) Karangreja.
171.	Kangjĕng Sultan kendĕl Kawis Arja iki, myang putra santana, mĕngkana amĕrtandhani, mendhung kĕdhik kang akasa,	Kanjeng Sultan tinggal di Karangreja bersama putra sentana, dengan demikian tertandai adanya sedikit mendung di langit
172.	Mapan saking kidul kilen dhatĕng	dari sisi barat daya datangnya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	neki, nulya drēs kang jawah, dene ingkang dherek sami, datan wontěn kang kodanan,	Kemudian hujan (turun) dengan lebat, namun para pengikut tidak ada yang kehujanan.
173.	Kyai Maja měngka (h.26) ing aturneki, punika kang tandha, lamun bale ngaras nangis, něnuhun dhatěng Yyang Sukma,	Demikianlah perkataan Ki Maja, "Ini adalah pertanda karena dunia menangis memohon kepada Hyang Sukma
174.	Lintonipun malih prajurit kang luwih samya kraos tyasnya, Paněmbahan Pangran Bei, mapan kuměmběng kang wěspa	(untuk) menggantikan prajurit yang unggul. Semua semakin merasa sedih. Raja (dan) Pangeran Ngabehi matanya berkaca-kaca.
175.	Kangjěng Sultan mesěm angandika aris, pan sampun rinasa, punika kang wus utami, dene kula lan sampeyan,	Kanjeng Sultan tersenyum (dan) lembut berkata "Sudah terasa bahwa (ia) yang utama. Aku dan engkau
176.	Mapan dereng kantěnan karsaning Widi, pan wayah sampeyan, těksih wontěn kang ngurmati, inggih dhatěng layonira,	belum mengetahui kehendak Tuhan, cucumu itu masih ada yang menghormati sampai pada kematiannya.
177.	Kang prětandha tan ewah rahmating Widi, pan dadya sangsaya, gung putra sěntana sami, kathah kagagas ing driya,	Pertanda itu tidak berbeda (dari) rahmat Tuhan". Menjadi semakin (berpikir), semua putra sentana banyak yang memikirkan di hatinya.
178.	Nulya kondur Sang Nata mring Sambiradin, lajěng manjing langgar, kathah krěraos tyasneki, rumaos lola neng donya,	Kemudian sang Raja pulang menuju Sambirata. Lalu singgah (di) langgar. Banyak (yang) ia rasakan dalam hatinya, merasa merasa sudah tidak punya ayah-ibu di dunia
179.	Lurah Kasim měngkana ing aturneki, duk wau kawula, dikir subuh pan udani, dhumatěng putra Nalendra,	Begini yang dikatakan Lurah Kasim, "Sejak tadi hamba dzikir subuh, melihat putra Raja
180.	Mapan kados pěnganten binayangkari, pa-(h.27)-nitih jěmpana, ginarěběg sagung estri, angagěm raja kěputran,	seperti pengantin yang (sedang) dihias, lalu naik tandu, dikelilingi seenap perempuan, (dan ia) memakai (busana) kepangeranan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
181.	Kasangsangan pan sĕkar sinurengpati, lawan ngagĕm jamang, rinumpak ing susutya di, anting-anting tĕbah jaja,	Bersumping *sekar sinurengpati* serta memakai jamang yang dihias intan, anting-anting, *tebah jaja.*
182.	Ingkang ngadhĕp pan wanodya kalih sisih, neng nginggil jĕmpana, pinaesan mapan sami, sĕkawan samya gĕngira	Di sisinya ada dua perempuan di atas tandu, semua wajahnya dihias sebanyak empat (orang).
183.	Myang kang wĕrna raja kĕputrennya sami, dene kang salira, gangsal kadya mas sinangling, balĕrĕng ing netra kula	dengan aneka perhiasan kelengkapan para putri adapun tubuhnya kelimanya bagai emas berkilau. (Terasa) silau mata hamba.
184.	Ngaler ngilen wiyos sanginggiling masjid, dene kang jĕmpana, pan sanglir surya lumaris, Sang Nata sujud mring Sukma,	(Di) barat daya melewati atas masjid, sementara tandunya seperti jalannya matahari". Sang Raja bersujud kepada Hyang Sukma
185.	Lawan nĕbut mapan alkhamdulilahi, Mĕngkana winarna, ingkang dherek layon sami, prapta lajĕng sohan Nata,	sembari mengucapkan alhamdulillah. Demikian yang diceritakan, semua yang ikut (ke) pemakaman (sudah) tiba kemudian menghadap Raja.
186.	Ki Pangulu myang sagung kang pra ngulami, pan dinangu nulya, niskara wus katur sami, sang Nata lajĕng ngandika,	Ki Pangulu bersama segenap para ulama ditanyai, kemudian semua melaporkan. Sang Raja kemudian berkata,
187.	Heh Pangulu pan wus sisan karsa mami, banjur ngangkat Basah, pa-(h.28)-dha sebaa ing masjid, lan kabeh sakancanira,	"Hei, (engkau) Pangulu, sekalian dengan keinginanku, untuk mengangkat Basah. Datanglah ke masjid bersama semua pasukanmu".
188.	Ki Pangulu sandika lengser sing ngarsi, Kanjĕng panĕmbahan, ingaturan pan wus prapti, myang sagung putra sĕntana,	Ki Pangulu menyanggupi (lalu) undur diri dari hadapan Raja. Kanjeng Panembahan dipanggil (dan) sudah tiba bersama dengan segenap putra sentana.
189.	Lajĕng samya kinen sohan wontĕn mĕsjid. tan kantun Ki Maja,	Kemudian semua disuruh untuk ke masjid. Tidak ketinggalan (pula dengan) Ki

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangran Bei kang makili, dhatĕng Rahaden Dipatya,	Maja, Pangeran Ngabehi yang mewakili Raden Adipati.
190.	Dendhawuhkĕn karsanya Sri Narapati, ing sasabilira, Kangjĕng Gusti kang gĕntosi, Den Dolah Prawiradirja	Diutus (sesuai) kehendak Sang Raja dalam perang sabilnya. Kanjeng Gusti yang menggantikan Raden Dolah Prawiradirja
191.	Kang misesa sagung prajurit ing Jawi, dene namanira, mapan inggih mĕksih lami, nging wĕwah Ngabdul Mustafa,	yang memimpin segenap prajurit di Jawa. Adapun namanya masih yang lama namun diubah menjadi Abdul Mustafa.
192.	Raden Basah Prawiradirja puniki, kang Ngabdul Mustapa, ngulami sami ngĕstreni, pandhita putra sĕntana,	Raden Basah Prawiradirja ini atau Abdul Mustafa. Para ulama menjadi saksi, (dan) pandita (serta) putra sentana
193.	Wus mupĕkĕt myang sagung pratiwa sami, langkung suka rĕna, mring karsaning Sri Bupati, mĕngkana wus tan winarna,	sudah disetujui oleh semua prajurit. (Semua) sangat senang dengan kehendak Sang Raja. Demikian itu sudah tidak diceritakan
194.	Kang niskara Bĕnggala Dhukun Nur Ngali, sangĕt tangisira, tinilar (h.29) mring Kangjĕng Gusti, mĕngkana sĕsambatira,	semuanya. Benggala Dukun Nur Ali sangat menangisi (karena) ditinggalkan oleh Kanjeng Gusti, demikian ini curahan hatinya,
195.	Aku Gusti mapan nora bisa kari, ing donya ngakherat, nging kowe ingsun ngengeri, ing siyang dalu mĕngkana,	“Gusti, hamba tidak bisa tinggal di dunia akhirat. Hanya paduka yang hamba ikuti di siang (maupun) malam”. Demikian itu
196.	Sasambatnya nuhun idi mring Narpati, yun ngamuk pribadya, Sri Nalendra tan marĕngi, mapan kinon ngĕntosana,	curahan hatinya, memohon izin kepada Raja “Hamba ingin mengamuk maju (perang) sendiri”. Sang Raja tidak mengizinkan (dan) disuruh untuk menunggu (hari).
197.	Lamun sampun itung dintĕnnya kang siwi, kinon sarĕng Basah, panglurugnya nging ngĕntosi, kang pitung dintĕn kewala,	Kemudian sudah dihitungnya hari (kematian) anaknya. Disuruhnya (untuk) bersama Basah (dalam) penyerangannya, menunggu tujuh hari saja.
198.	Kangjĕng Sultan sangsaya nglĕs ing tyasneki,	Kanjeng Sultan semakin sedih hatinya mengetahui curahan hati

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mirsa sambatira, Bĕnggala Dhukun Nur Ngali, Kaji Aluwi kang winarna,	Benggala Dukun Nur Ali. Diceritakan tentang Haji Alwi
199.	Nuwun pamit pan kĕpengin pĕjah sabil, mirsa aturira, punika Mas Lurah Hasim, Kangjĕng Sultan angandika,	(yang) berpamit mohon ingin mati sabil. Mengetahui perkataan Mas Lurah Hasim, Kanjeng Sultan berkata
200.	Bok den ririh mangsa wurung besuk Kaji, mapan Suryagama, nanging sira ototneki, lawan Kaji Mangsur ika,	"Jangan terburu-buru, besok pasti menjadi haji (dan) Suryagama ototnya bersama Haji Mansur.
201.	Kaji Aluwi uma-(h.30)-tur sarwi anangis, gumantung tyas amba, mapan nanging pĕjah sabil, kĕpengin ajĕng uninga,	Haji Alwi berkata sambil menangis, "Tergantung hati hamba, namun apabila mati sabil (hamba) ingin memberitahu
202.	Raosipun ganjaranipun ing sabil, dados suryagama, mapan awis tanglĕdneki, lan kanca awis purunnya,	rasa dari ganjaran perang sabil, menjadikan Suryagama sudah tidak bertanya dan prajurit jarang yang mau.
203.	Ya ta mesĕm sarwi ngĕmu waspa aji, kathah kang kĕgagas, nulya angandika aris, ya wus kaji bĕnĕr sira,	Raja tersenyum dan berlinang air mata. Banyak yang dipikirkan kemudian berkata pelan, "Iya, Haji. Benar ucapanmu
204.	Mapan iku yĕkti wĕkasaning urip, wus sakarĕpira, mapan ingsun angamini, barĕnga Nur Ali sira,	Karena (perang) merupakan akhir dari kehidupan. Terserah padamu, hamba akan mengamini. Engkau bersamalah dengan Nur Ali".
205.	Kalih mapan langkung lĕga tyasnya sami, nulya ngaras pada, wus lengser saking ngarsaji, sampun panggih Raden Basah,	Keduanya sudah lega perasaannya kemudian memberikan sembah. Sudah lengser dari hadapan Raja, sudah bertemu dengan Raden Basah
206.	Mapan lajĕng nuhun dados usar sami, pan wus tan winarna, sarĕng pitung dintĕn neki, Den Basah Prawiradirja,	kemudian memohon menjadi usar[3] semua. Sudah tidak diceritakan lagi. Setelah tujuh hari (wafatnya) Raden Basah Prawiradirja,
207.	Nulya bucal sawadya kuswa puniki,	lalu para prajurit berangkat

[3] Usar: prajurit berkuda

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring sawetan Praga, wus panggih Raden Pati, den basah Prawiradirja,	menuju timur Praga. Sudah bertemu Raden Pati Raden Basah Prawiradirja,
208.	Laknatolah lan murtad lajěng mědali, saking ing Ngayogja, mapan langkung (h.31) kathah neki, nulya piněthuk kěna ing yuda,	prajurit Laknat dan Murtad kemudian keluar, dari Yogyakarta sangat banyak (pasukan) kemudian berperang.
209.	Dhatěng Raden Basah Prawiradirjeki, myang sagung pratiwa, pan lajěng campuh ing jurit, Wanengprang kalawan usar,	Raden Basah Prawiradirja datang bersama semua prajurit kemudian beradu di medan perang, Wanengprang bersama usar
210.	Mapan wus nir ingkang subasita sami, baya tan wikara, nging ngesthi yun bela gusti, ingkang usar pangiridnya,	sudah tidak memiliki sopan santun, itu tidak berubah semata-mata ingin membela Gusti. Pasukan usar yang mengiringi
211.	Nenggih Dolah Prawira Rana lan Kaji, Alwi Nur Alika, Wanengprang pangiridneki, Den Riya Krětanadika,	Dolah Prawira Rana dan Haji Alwi Nur Ali. Wanengprang mengiringi Raden Riya Kertana.
212.	Laknat murtad pan langkung pangědrelneki, mriyěm wus tan munya, ingkang usar těmpuh sami, usar langkung ramenira,	Pasukan Laknat (dan) Murtad semakin menembaki. Meriam sudah tidak berbunyi, pasukan usar menyerang pasukan berkuda, sangat ramai (peperangannya).
213.	Pědhang měngsah lan waos wus tan ngundhili, Běstul wus tan munya, usar laknat kathah mati, lumajěng angungsi samya,	Pedang beradu dengan tombak sudah tidak berfungsi. Pistol sudah tidak berbunyi. Pasukan berkuda laknat banyak yang mati kemudian semua mengungsi.
214.	Mring pělangkir-pělangkir wus bubrah iki, ing ngamuk Wanengprang, gělasah bangkenereki, kang gěsang lumajěng samya,	*Plangkir-plangkir* (namun) sudah rusak terkena amukan Wanengprang. Berserakan bangkai (Laknat), (sementara) yang masih hidup semua melarikan diri.
215.	Kaji Alwi lawan Běnggala Nur Ali, wus prapta sabilnya, sarěng lan turangganeki, kang waos putung kalihnya,	Haji Alwi dan Benggala Nur Ali sudah tiba di peperangan bersama kudanya, kedua tombaknya patah.
216.	Kang prajurit Wanengprang kalih	Prajurit Wanengprang dua (orang)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang sabil, (h.32) panakawanira, Kangjěng Gusti Basah Surgi, Pumukmin lawan pun Kaska,	yang mati sabil, (yakni) abdinya mendiang Kanjeng Gusti Basah, Pumukmin dan Kaska.
217.	Pan sěkawan samya jur kunarpaneki, tunggil bangke laknat, pan kathah bandhanganeki, kapal lawan sěnjata,	Empat prajurit hancur badannya menjadi satu bersama bangkai Laknat banyak rampasan perang (berupaa) kuda dan senjata.
218.	Dadya sangět laknatolah kěndhakneki, lan sangět risaknya, ngantos lami tan mědali, Ki Maja ngot malih ika,	Pasukan Laknat semakin takut dan sangat rusak (pertahanannya) sampai lama tidak keluar (dari persembunyian). Ki Maja kambuh lagi
219.	Těkaburnya sababe sampun pulih, ing prangnya punika, lawan sagěd ngagěm jalmi, kawarnaa Sri Nalendra,	kesombongannya karena sudah pulih. Dalam peperangan ini bisa mempengaruhi manusia. Diceritakan Sang Raja
220.	Ing tyasipun telas pěngarsi-arsi, kanikmatan dunya, nging kantun mring Kang Sějati, marma barang aturira,	dalam hatinya sudah tidak berkeinginan (tentang) kenikmatan di dunia. (Harapannya) hanya tertuju pada Tuhan, itu perkataannya.
221.	Den Dipati lawan Kangjěng Pangran Behi, tiga Raden Basah, Kangjěng Sultan anuruti, Pangran Ngabdul Rahim ika,	Raden Adipati dan Kanjeng Pangeran Ngabei, (dan) ketiganya Raden Basah. Kanjeng Sultan menuruti. Pangeran Abdul Rahim
222.	Lagya gěrah lami tan nindhihi jurit, lawan Ki Urawan, mapan liya lagya sakit, pan linorod kalihira,	sedang sakit cukup lama, tidak ikut berperang bersama Ki Urawan yang juga sedang sakit. Keduanya digantikan (yang lain).
223.	Pangran Abdul Rakim ingkang igěntosi, něnggih ingkang putra, (h.33) Pangeran Sumanegari, Ki Urawan Sěcadirja,	Pangeran Abdul Rahim yang menggantikan adalah anaknya, Pangeran Sumanegara. Ki Urawan Secadirja,
224.	Kyai Maja kělangkung amuring-uring, sabab Ki Urawan, nging punika ingkang měksih, angadhěp sakajěngira,	Kyai Maja sangat marah-marah karena Ki Urawan iyu yang masih ingin berperang

No.	Alih Aksara	Terjemahan
225.	Tĕmahannya nguring-uring mring Nĕrpati, genya maos kitab, pan kinarya memiringi, Kitab Lubak kang winaca,	Akhirnya marah-marah kepada Raja. Olehnya membaca kitab dibuatnya salah Kitab Lubak yang dibacanya,
226.	Gennya karya murid ginĕpoken iki, marang Sri Nalendra, sĕbarang kang murid sami, Sri Nata mesem kewala,	olehnya membuat murid berhubungan dengan Sang Raja. Segenap muridnya adalah sama. Sang Raja hanya tersenyum
227.	Pan Ki Maja saya keh kĕlajĕng neki, barang ngelmi ika, mapan ingakĕn pribadi, ingkang rinilan mring Sukma,	(sementara) Ki Maja semakin keterlaluan, segenap ilmunya, diakuinya sendiri bahwa (pemahamannya) sudah direstui oleh Hyang Sukma.
228.	Ingkang ngadhĕp ngulama muridnya sami, kang dede muridnya, mapan datan ayun uning, sabab kathah sring selaya,	Yang menghadap ulama semua muridnya. Yang bukan muridnya tidak diperkenankan mengetahui karena banyaknya ketidakcocokan.
229.	Ingkang murid tan kenging den waoni, mĕngkana nujuka, kitabnya tur bab ngulami, pandhita lawan ukma.	Muridnya tidak diperbolehkan dibantah. Demikian itu yang dimaksud kitabnya (yang) berisi bab ulama, pandita, dan *ukma*.
230.	Ingkang ngadhĕp ulami gangsal puniki, sedaya muridnya, Ki Pangulu den takeni apan tegese (h.34) ulama,	Yang menghadap ulama (ada) lima, semua muridnya Ki Pangulu ditanyai, apa arti ulama,
231.	Lan pandhita ukma suhada iki, Ki Pangulu turnya, kawula pan dereng uning, Ki Maja latah guyunya,	Pandita (dan) *ukma,* Syuhada. Ki Pangulu berkata “Hamba belum mengetahui” Ki Maja tertawa.
232.	Seprandene sira padha ngaku alim, mĕngkana tan bisa, bedanya sawiji-wiji, Ki Barmawi aturira,	“Namun demikian, kalian mengaku alim Begitu itu tidak bisa Dibedakan satu per satu” Ki Barmawi berkata
233.	Mapan inggih tampi kawula kiyai, Sĕkawan punika, Mapan yĕktos sanes ugi, kajĕngnya jĕngganonoman,	“Sudah saya terima, Kyai. Empat (hal) itu tidak lain merupakan keinginan para santri yang masih muda”.